

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Dina ieu bab dipedar hal-hal nu aya patalina jeung métode panalungtikan, nu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif. Panalungtikan nu rék didéskripsikeun ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif nyaéta ngeunaan prinsip jeung maksim kasopanan dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata dumasar ulikan pragmatik. Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan nu digunakeun pikeun maham kana pasualan ngeunaan naon nu karandapan ku subjék panalungtikan ngeunaan paripolah, persépsi, motivasi, tindakan sacara holistik, tur ngadéskripsikeun dina wangun kekecapan jeung basa, dina kontéks nu husus, alamiah jeung ngamangpaatkeun sawatara métode alamiah (Moleong, 2002, kc. 6). Patalina jeung pamarekan panalungtikan, ieu panalungtikan ogé ngagunakeun métode déskriptif. Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 96) nétélakeun yén métode déskriptif nyaéta métode nu digunakeun nalika lumangsung panalungtikanna, panalungtik ngadéskripsikeun dina wangun informasi.

Luyu jeung pamarekan katut métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan, sangkan bisa méré gambaran nu jelas ngeunaan kagiatan nu kudu dilakukeun jeung méré gambaran hal nu bakal karandapan atawa geus karandapan, dibutuhkeun hiji desain panalungtikan. Léngkah-léngkah anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta 1) Néangan jeung maluruh studi pustaka ngeunaan prinsip kasopanan jeung panalungtikan nu bakal ditalungtik; 2) Ngumpulkeun data tina objék nu ditalungtik nyaéta unggal judul dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Dina ngumpulkeun data ngagunakeun kartu data salaku instrumén panalungtikan; 3) Data nu kapanggih satuluyna dipasing-pasing dumasar rumusan masalah anu rék dipedar; 4) Nganalisis data; 5) Ngadéskripsikeun data sacara jéntré dumasar wangun paguneman, maksud polah ucap, jeung komponén polah ucap; 6) Nyieun kacindekan tina déskripsi hasil analisis data panalungtikan.

Tina déskripsi di luhur, bisa katitén desain pikeun ieu panalungtikan nu kagambar sakumaha bagan di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh kalimah nu ngandung prinsip kasopanan dina sakabéh judul dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Éta data dicangking tina sumber data. Sacara umum, dina panalungtikan kualitatif sumber data saperti kitu digunakeun salaku sumber data sékundér, tapi

bisa mangrupa hiji-hijina naskah nu dianggap salaku sumber data utama, atawa primér (Nugrahani, 2014, kc. 145).

Nurutkeun Moleong dina (Siyoto & Sodik, 2015, kc. 28), sumber data panalungtikan kualitatif nyaéta sumber data nu mangrupa kekecapan boh sacara lisan, boh sacara tulisan nu ditalungtik ku panalungtik, sarta benda-benda nu ditalungtik sangkan bisa nyangking ma'na nu kasirat dina dokumén atawa benda na. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata nu medal taun 2014 kalayan pamedalna nyaéta PT. Kiblat Buku Utama, Bandung. Kandel ieu buku nyaéta 114 kaca kalayan ukuran 21 cm x 14 cm. Eusi buku diwangun ku 8 judul carpon. Anapon judul carponna, nyaéta.

- a. *Jang Oman (JO)*,
- b. *Kanyaah Kolot (KK)*,
- c. *Néng Yaya Gering Tipés (NYGT)*,
- d. *Jurig Bungkeuleukan (JB)*,
- e. *Buah Limus Murag ku Angin (BLMKA)*,
- f. *Nganti-Nganti Dawuh (NND)*,
- g. *Kanyaah (K)*,
- h. *Naib Cidahu (NC)*.

Ieu panalungtikan fokus kana prinsip kasopanan nu aya dina téks paguneman kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata minangka sumber data.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Siyoto jeung Sodik (2015, kc. 78), instrumén digunakeun pikeun nyusun alat évaluasi, lantaran ngaévaluasi mangrupa hal nu dilakukeun pikeun nyangking data ngeunaan hal nu ditalungtik, hasilna bisa diukur ku ngagunakeun standar nu geus ditangtukeun saacanna ku panalungtik. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital.

Ieu kartu data digital digunakeun sangkan ngagampangkeun panalungtik dina prosés analisis data. Panalungtik néangan téks paguneman tuluy disalin kana kartu data digital jeung format analisis. Carana nyaéta nyalin sakabéh téks paguneman, tuluy dianalisis dumasar maksim kasopanan, maksud polah ucap, jeung komponén polah ucap. Dina data paguneman dilengkepan ku kode nu nerangkeun judul buku,

judul carpon, kaca buku, jeung nomer jajaran, sangkan ngawatesanan awal jeung tungtung paguneman. Kartu data digital nu digunakeun saperti ieu dihandap.

Tabél 3.1
Data Omongan dina Wangun Paguneman

| No Data | Data Paguneman | Kode Data |
|---------|--|----------------|
| P.001 | Jang Oman: “Atuh da Kemis gé tos teu diajar, komo Jumaah!” | (KK/JO/18/1-4) |
| | Ma Ulis: “ Barina ogé rék naon atuh maké balik! Kajahat-jahat ongkos!” | |

Keterangan:

P.001 : Paguneman 001

KK : Judul buku nyaéta kumpulan carpon *Kanyaah Kolot*

JO : Subjudul buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* nyaéta Jang Oman

18 : Kaca 18

1-4 : Jajaran ka 1 nepi 4

Dumasar kana kartu data, tuluy disusun format analisis data prinsip kasopanan saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Papasingan Prinsip Kasopanan

| No. Data | Data Paguneman | Prinsip Kasopanan | | | | | | | | | | | |
|----------|---|-------------------|----|----|----|----|----|-----------|----|----|----|----|----|
| | | Ngukuhan | | | | | | Ngarempak | | | | | |
| | | KW | KT | PC | KS | BL | HA | KW | KT | PC | KS | BL | HA |
| P001b | Ma Ulis: “ <i>Barina ogé rék naon atuh maké balik! Kajahat-jahat ongkos!</i> ” | | | | | | | ✓ | | | | | |
| P002b | Pa Ulis: “ <i>Ah piraku Ema!</i> ” | | | | | | | | | ✓ | | | |

Keterangan:

P001b : Paguneman 001 kalimah b

KW : Kawijaksanaan

KT : Katumarima

PC : Pangcocog

KS : Kasimpati

BL : Balabah

HA : Handap asor

Dumasar kana kartu data, tuluy disusun format analisis data maksud polah ucap saperti ieu di handap.

Fani R. Julian, 2021

PRINSIP KASOPANAN DINA KUMPULAN CARPON KANYAAH KOLOT KARYA KARNA YUDIBRATA
(*Ulukan Pragmatik*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.3
Papasingan Maksud Polah Ucap

| No Data | Data Paguneman | Maksud Polah Ucap | | | |
|---------|--|-------------------|----|----|-----|
| | | KM | IM | AS | ÉKS |
| P001b | Ma Ulis: “ <i>Barina ogé rék naon atuh maké balik! Kajahat-jahat ongkos!</i> ” | | ✓ | | |
| P002b | Pa Ulis: “ <i>Ah piraku Ema!</i> ” | | | | ✓ |

Katerangan:

KM : Komisif

IM : Impositif

ÉKS : Ekspésif

AS : Asértif

Dumasar kana kartu data, tuluy disusun format analisis data komponén polah ucap saperti ieu di handap.

Tabél 3.4
Komponén Polah Ucap

| No Data | Data Paguneman | Komponén Polah Ucap |
|---------|--|--|
| P001 | Jang Oman: “Atuh da Kemis gé tos teu diajar, komo Jumaah!” | (U): Basa Loma (N): Jang Oman (P1), Ma Ulis (P2), Jang Oman (O) (G): Adegan Lahir (K): Imah (Kt), Beurang (Kw), Informal (Ks) (A): Basa Lisan (R): Keuheul (R), Sinis (N), Loma (Rb) (A): Ngahulag |
| | Ma Ulis: “ <i>Barina ogé rék naon atuh maké balik! Kajahat-jahat ongkos!</i> ” | |
| P002 | Ma Ulis: “Pusing kami mah geus weudeu! Geus bosen mapatahan! Ngomongan mah ngomongan, tapi da lain omong-omonganeun! Kalah ka nyucud, titah nyiar pangarti, kalah ka nyiar awéwé! Nurustunjung!” | (U): Basa Loma (N): Ma Ulis (P1), Pa Ulis (P2), Jang Oman (O) (G): Adegan Lahir (K): Imah (Kt), Beurang (Kw), Informal (Ks) (A): Basa Lisan (R): Ragu-ragu (R), Nyungkun (N), Loma (Rb) (A): Cumeluk |
| | Pa Ulis: “ <i>Ah piraku Ema!</i> ” | |

Katerangan:

(U) : Undak usuk basa atawa tatakrama basa

(N) : Nu maké basa jeung nu dicaritakeun

(G) : Galur omongan

(K) : Kasang tukang tempat, waktu, jeung suasana

(A) : Alat nu digunakeun

Fani R. Julian, 2021

PRINSIP KASOPANAN DINA KUMPULAN CARPON KANYAAH KOLOT KARYA KARNA YUDIBRATA
(Ulukan Pragmatik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| | |
|------------|---|
| (R) | : Rasa, nada, jeung ragam basa |
| (A) | : Amanat omongan |
| P1, P2, O | : Palaku 1, Palaku 2, Obyék nu dicaritakeun |
| Kt, Kw, Ks | : Katerangan tempat, Katerangan waktu, Katerangan suasana |
| R, N, Rb | : Rasa, Nada, Ragam basa |

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dilakukeun dina ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka nyaéta kagiatan nu aya patalina jeung métode ngumpulkeun data pustaka, maca jeung nyutat sarta ngolah bahan panalungtikan (Zed, 2014, kc. 3).

Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina paguneman kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Nangtukeun sumber data panalungtikan.
- 2) Maca sakabéh carpon dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.
- 3) Nyirian data paguneman nu kapanggih dina sumber data.
- 4) Nyalin data paguneman kana tabél kartu data digital.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik anu dipaké dina ngolah data nyaéta téknik analisis unsur langsung kana wacana. Unsur nu dianalisis nyaéta wujud paguneman nu ngukuhan jeung nu ngarempak prinsip kasopanan, maksud polah ucap, jeung komponén polah ucap. Anapon léngkah-léngkah nu dilaksanakeun pikeun ngolah data nyaéta saperti ieu di handap.

- a. Mariksaan deui data paguneman nu geus dikumpulkeun dina kartu data.
- b. Nyieun papasingan data paguneman dumasar kana maksim kasopanan, maksud polah ucap, jeung komponén polah ucap.
- c. Nganalisis data paguneman dumasar maksim kasopanan, maksud polah ucap, jeung komponén polah ucap.
- d. Ngadéskripsikeun data paguneman nu geus dianalisis dumasar dumasar maksim kasopanan, maksud polah ucap, jeung komponén polah ucap.
- e. Napsirkeun jeung nyindekkeun tina hasil ngolah data.